



SIPÈVIZÈ ELEKSYON, KONTE MIAMI-DADE, FLORID

RÈGLEMAN SOU DEMANN BILTEN VÒT POU VOTE PA LAPÒS

Pou fè swivi bilten vòt pou vote pa lapòs ou an lè w ale sou sit entènèt nou an www.miamidade.gov/elections/vote-by-mail.asp.

Nenpòt votè enskri ki elijib pou vote nan yon eleksyon kapab fè demann pou yon bilten vòt pou vote pa lapòs nan fason swivan yo. Demann yo ap asepte pou yon eleksyon pa pita ke 5 pm nan 6^{yèm} jou anvan eleksyon an.

- SOU NTÈNÈT/PA IMEL/PA FAKS** – Yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs gendwa fèt sou entènèt, tanpri ale sou: <https://www.electionsfl.org/miamidade/index.php?mais=Y> pa imel nan votebymail@miamidade.gov oswa pa faks nan 305-499-8401. Tanpri asire w ke w enkli enfòmasyon swivan yo nan demann w an:
 - Non votè a ekri an lèt detaye
 - Adrès rezidans aktyèl (Si diferan, adrès kote pou poste bilten vòt la voye ale).
 - Dat nesans
 - Nimewo enskripsyon votè a (pa obligatwa).
 - Dat eleksyon oswa eleksyon yo pou ki w bezwen yon bilten vòt pou vote pa lapòs.
- PA TELEFÒN** – Yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs gendwa fèt pa telefòn. Tanpri rele 305-499-8444 pou mande bilten vòt pou vote pa lapòs ou. Wap bezwen bay enfòmasyon sa yo:
 - Tout non vote-a
 - Dat Nesans
 - Adrès lakay w aktyèlman (Si adrès kote pou poste bilten vòt la diferan de adrès lakay w, ou **fèt** pou di poukisa pou yo poste bilten vòt la nan adrès sila)
- ALEKRI** – Yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs gen dwa fèt alekri. Demann alekri yo **fèt** pou enkli enfòmasyon swivan yo:
 - Non vote-a ekri an lèt detaye.
 - Adrès kay aktyèl (Si adrès kote pou poste bilten vòt la diferan de adrès lakay w, ou **fèt** pou di poukisa pou yo poste bilten vòt la nan adrès sila)
 - Dat nesans
 - Nimewo enskripsyon votè a (pa obligatwa).
 - Dat eleksyon oswa eleksyon yo pou ki w bezwen yon bilten vòt pou vote pa lapòs.
 - Siyati votè a.
- AN PÈSÒN** – Lè yon demann bilten vòt pou vote pa lapòs ap fèt an pèsòn, se pou prezante yon kat didantite ak foto, non ak siyati votè a.
- LIVRE BAY REPREZANTAN VOTÈ-A** – *(Yon limit de (2) bilten vòt pou chak eleksyon, sèlman youn ladan yo ki kapab pou yon votè ki pa mari/madanm, paran, pitit, gran paran oswa sè/frè reprezantan an).* Si yon reprezantan se yon fanmi pwòch vote-s, li kapab ale pran yon bilten vòt pou vote pa lapòs nan Depatman Eleksyon Miami-Dade, **2700 NW 87th Avenue, Doral, FL 33172** oswa nan Biwo Sikisal Depatman Eleksyon an (ki chita nan Lobi Stephen P. Clark Center, **111 NW 1st Street**), lavèy jou eleksyon ak nan jou eleksyon an menm. Si reprezantan an se pa yon fanmi pwòch, se nan jou eleksyon an sèlman pou li reklame bilten vòt la. Se pou reprezantan an prezante yon kat didantite ak foto li epi yon demann alekri de votè an avèk enfòmasyon sa yo:
 - Non votè an ekri an lèt detaye.
 - Nimewo telefòn votè a lajounen.
 - Dat nesans votè a.
 - Nimewo enskripsyon votè a (pa obligatwa).
 - Dat eleksyon pou ki w bezwen bilten vòt pou vote pa lapòs la
 - Non moun kap vin chèche bilten vòt pou vote pa lapòs la
 - Si votè a se yon fanmi pwòch reprezantan an, rezon pou ki votè a bezwen yon moun vin chèche bilten vòt pou vote pa lapòs la
 - Si votè a se pa yon fanmi pwòch reprezantan an, se pou reprezantan an bay yon deklarasyon alekri siyen pa yon doktè sou papyè ofisyèl doktè a ki di ke se pou rezon medikal votè a oswa depandan votè sila, ki fè votè a pa kapab vin vote nan biwo vòt la epi pa kapab vin chèche yon bilten pou vote pa lapòs an pèsòn.
 - Siyati votè a

Atansyon: Si moun kap fè demann lan se pa votè enskri a, moun sa a fèt pou se yon fanmi pwòch oswa gadyen legal votè a epi bay non, adrès, sa li ye pou votè a, siyati (demann alekri sèlman), ak nimewo pèmi kondwi li (si disponib).